

Koman Pou Fè Fas ak Dyagnostik Otis di “ASD”

Lè yo dyagnostike pitit ou ak otis, li enpòtan pou w gen kèk strateji ki kapab ede w fè fas ak sa epi ale vè lavan ak dyagnostik la. Men kèk sijeson:

Santi Santiman w yo

- Lè w nan lapenn, li nòmal pou w fè eksperyans ak diferan etap nan penn nan. Ki gen ladan chòk, kòlè, refi ak akseptasyon. Ekprime jan w santi w bay lot moun ki sousye de ou!

Pataje Dyagnostik la

- Rete tann pou w pataje dyagnostik la lè ou pare. Pataje l avèk nenpòt moun ke ou santi ou alèz la. Prepare w e konnen ke yo ka pa konprann touswit. Sèvi ak kèk egzanp pou w dekri e ede moun nan konprann ak kisa ASD an sanble nan la vi pitit ou a

Chache yon Sistèm de Sipò

- Li enpòtan pou w gen yon sipò menm jan ou sipòte pitit ou a. Jwenn sistèm de sipò ki bon pou ou a – li ka nan fanmi, gwoup sipò, oswa gwoup sou entènèt

Pran Tan Pou Tèt ou

- Kòm pi gwo defansè pitit ou a, li enpòtan pou w pran swen tèt ou tou. Pran yon repo lè ou bezwen li. Fè yon aktivite ke w renmen chak jou, si se yon ti mache oswa jwi yon tas kafe nan maten pa neglije fè l

Sonje ke Dyagnostik la se Jis yon Etikèt

- Pitit ou a toujou rete menm timoun li te ye a anvan dyagnostik la. Li toujou gen menm talan yo, menm fòs ak tout bèl kalite ke ou renmen lakay li. Dyagnostik sa a se yon zouti ki pou ede w konprann bezwen pitit ou a ak jwenn aksè ak resous ki ka ede pitit ou a grandi ak tout potansyèl li

Premye Etap Apre yon Dyagnostik Otis

Apre pitit ou a resevwa yon dyagnostik otis, li nòmal pou w santi w akable e pa konn ki kote pou w kòmanse. Me senk premye etap ki pral ede w konprann dyagnostik la e montre w kijan pou w aktif nan ede pitit ou a.

1

Kijan pou w Dijere Dyagnostik Pitit ou a

Pase kèk tan ap li rapò dyagnostik pitit ou a. Sèvi ak resous yo te ba ou yo nan dosye an ble a pou ede w konprann sa yon dyagnostik ASD vle di. Li nòmal pou w santi diferan emosyon pandan w ap eseye dijere dyagnostik ASD pitit ou a.

2

Enskri nan Early Intervention

Enskri pitit ou a nan sèvis entèkansyon bonè (Program Early Intervention di EI lan se youn ladan yo). Si pitit ou a deja ap resevwa sèvis de EI, pale avèk founisè EI lan pou nou kòmanse resevwa sèvis ASD-Espesifik di "ASD-specific services" pou pitit ou a.

3

Timoun ki gen Plis Pase 3 Zan: Kòmanse ak Aplikasyon pou Edikasyon Espesyal di "Special Education" lan San Pran Tan

Timoun ki gen 3 zan ou pi gran kapab jwenn aksè ak sèvis Edikasyon Espesyal di "Special Education" nan sistèm lekòl leta yo. Kontakte distrik lekòl kote pitit ou ye a pou w ka kòmanse ak pwosesis la. Asire ou ke ou gen yon kopi rapò dyagnostik ASD pitit ou a.

4

Aksè ak Applied Behavioral Analysis di "ABA"

ABA se yon sèvis ke yo ofri atravè Early Intervention di "EI" ki ede timoun ki gen ASD devlope kominikasyon yo ak abilite yo sosyalman. Pale ak founisè EI ou a konsènan kòmanse ak sèvis ABA.

5

Aplike nan Depatman Sèvis Devlopmanal di "Department of Developmental Services ou (DDS)"

DDS ofri resous ak sipò pou otis bay chak fanmi, ki gen ladan gwoup sipò pou fanmi yo ak sant de sipò pou moun ki otis. Aplike nan DDS pou w jwenn aksè ak resous sa yo.